# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–30 अक्टूबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

अजोध्या के श्रीराम मंदिर में रामलला क प्राण प्रतिस्ठा के बाद पहिला देवाली पर आयोजित हो रहल भव्य दीपोत्सव में विस्व कीर्तिमान बनावे बदे पचीस लाख से बेसी दीया बरले क सिलसिला सुरू हो गइल हौ। एकरे खातिर गिनीज बुक ऑफ वर्ल्ड रेकार्ड्स क टीमि कल्हियें से अजोध्या पहुंच के दीयन क गिनती सुरू कै दिहले रहलि। ओहीं, पूरा अजोध्या में करीब पैंतीस लाख से बेसी दीया बारल जा रहल हौ। दीपोत्सव में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के साथे बतौर मुख्य अतिथि केन्द्रीय पर्यटन अउर संस्कृति मंत्री गजेन्द्र सिंह शेखावतो मौजूद हवें। एहसे पहिले आजु दुपहरिया में चारि किलोमीटर ले सोभाजतरा निकारल गइल, जेहमें कलाकारन क कई गो दल रामायण क विविध प्रसंगन क मंचन कइलस। सोभाजतरा के प्रदेस क पर्यटन अउर संस्कृति मंत्री जयवीर सिंह हरियर झंडी देखा के रवाना कइलें। सोभाजतरा क सरधालु जगहि–जगहि फूल बरसा के स्वागत कइलें।

***अयोध्या के दीपोत्सव का आठवां संस्करण भी राम भक्तों के लिए अविस्मरणीय हो गया है, दीपोत्सव की शुरुआत शोभा यात्रा की 18 झांकियों से हुई, जिसने रामायण के सात अध्याय को जीवंत करके समाज को समरसता,नारी सम्मान, मित्रता,शिक्षा और भाई भाई के प्रेम का अनूठा संदेश दिया, साथ ही देश के कोने–कोने से आए कलाकारों ने अपनी परंपरा से सांस्कृतिक प्रस्तुति करके देश की अनेकता में एकता को स्थापित किया, इसके बाद संपन्न हुआ राम राज्याभिषेक धर्म जगत के लिए अनूठा कार्यक्रम रहा, जिसमें मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ, केंद्रीय मंत्री गजेंद्र सिंह शेखावत के साथ ही प्रदेश के मंत्रिमंडल के कई सदस्य ने मिलकर रामरथ को रास्ते से खींच कर कार्यक्रम स्थल पहुंचा और वशिष्ठ की भूमिका निभाकर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ने राजाराम के माथे पर तिलक लगाकर रस्म संपन्न किया,अब से कुछ देर बाद दीप प्रज्वलन और सरयू आरती का एक नया कीर्तिमान भी स्थापित हो जाएगा। तन्मय सोनी आकाशवाणी समाचार अयोध्या।***

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ देवाली के पावन अवसर पर प्रदेसवासियन के बधाई अउर सुभकामना देत प्रभु श्रीराम से उनके सुख–समृद्धि अउर मंगलमय जिनगी क कामना कइले हवें।

**********

इलाहाबाद हाईकोर्ट उत्तर प्रदेस जल निगम के बरिस दुई हजार एक्कईस में विभाजित कइल गइल से पहिले भइल जूनियर इंजीनियर, सहायक इंजीनियर, रूटिन ग्रेड क्लर्क के साथे तेरह चौ चउदह पदन क भरती में दागी मिलल एक सौ ओनहत्तर ओम्मेदवारन क चयन निरस्त कै दिहले हौ। सथहीं बाकी एक सौ तिरसठ चयनित ओम्मेदवारन का नियुक्ति मेरिट के हिसाब से करे क निरदेस दिहले हौ। न्यायमूर्ति अजित कुमार समराह अहमद के साथे सैकड़ों अउरियों याचियन क बत्तीस याचिका के निस्तारित करत ई आदेस सुनवलें ।

**********

प्रदेस क मुख्य सचिव मनोज कुमार सिंह कहलें कि प्रदेस सरकार आधार कार्ड क उपयोग कई के प्रदेस में जीरो पावर्टी स्कीम क सुरूआत कै रहलि हौ। उहां के कहलीं कि प्रदेस में सखी योजना महिला लोगिन क ससक्तीकरण बदे महत्वपूर्ण हौ। जेहमें उनकर सुरक्षा, स्वास्थ्य अउर वित्तीय ससक्तीकरण पर धियान दिहल गइल हौ। येह योजना में आधार क खास जोगदान हौ। मुख्य सचिव आजु लखनऊ में आधार से जुड़ल योजनन क प्रभाव के बढ़ावे बदे एगो राज्य स्तरीय कार्यसाला के संबोधित करत रहलें। उहां के कहलीं कि आधार क मदद से लाभार्थी के पहिचान क पुष्टि होले जेहसे धोखाधड़ी क संभावना कम हो जाला। उहां के कहलीं कि सरकार की ओर से दिहल जाए वाली आर्थिक मदद सोझे लाभार्थी लोगिन के खाता में पहुंचावल जा सकेला।

**********

प्रदेस में रियल एस्टेट कारोबारियन पर सख्ती करत स्टैप अउर रजिस्ट्रेसन विभाग फ्लैट, मकान चाहे जमीन क पंजीकरण के समय अनुबंध के अनिवार्य कै दिहले हौ। अनुबंध न करवले पर रजिस्ट्री के समय स्टाम्प चोरी में कार्रवाई कइले के सथहीं जुरमानो लगावल जाई। रियल एस्टेट रेग्युलेटरी अथॉरिटी यानी रेरा अलगे से कार्रवाई करी। स्टाम्प अउर पंजीयन मंत्री रविन्द्र जायसवाल ई जनकारी देत बतवलें कि नब्बे फीसदी मामिलन में जमीनि अउर फ्लैट क पंजीकरण करत समय अनुबंध नाहीं कइल जाला। बिल्डर खाली रसीदि काटि देलें, अइसन में उनके पर कार्रवाई नाहीं हो पावे ला। उहां के कहलीं कि अइसन मामिला रेरा के दायरा में तब्बे आवे ला जब परियोजना पंजीकृत होला अउर बिल्डर आ ग्राहक के बिच्चे अनुबंध भइल भइल रहे।

**********

नीट यूपी दुइ हजार चउबीस के तहत चउथा फेरा में एमबीबीएस अउर बीडीएस कोर्स में आवंटित सीटिनि पर आजु से अभ्यर्थियन क दाखिला सुरू हो गइल, जवन पांच नवम्बर ले चलत रही। येह फेरा में सीटि छोड़े वाले अभ्यर्थियन के अगिला बरिस खातिर प्रतिबंधित कइल जाई। ई अभ्यर्थी बरिस दुइ हजार पच्चीस–छब्बीस के एमबीबीएस अउर बीडीएस कोर्स क प्रवेस काउंसिलिंग में हिस्सा नाहीं ले सकिहें।

**********

यूपी बोर्ड क हाईस्कूल अउर इण्टरमीडिएट क परीक्षा में ड्यूटी करे वाले सिक्षकन अउर सिक्षणेत्तर करमचारियन के अब पहिले से बेसी पारिश्रमिक मिली। हाईस्कूल क एक कापी जंचले पर सिक्षकन के अबहिन ले इग्यारह रूपिया दीहल जात रहे, अब उन्हें चउदह रूपिया मिली। ओहीं इण्टरमीडिएट क एक कापी जंचले पर तेरह रूपिया के जगहि पर पनरह रूपिया दीहल जाई। बरिस दुइ हजार ओन्नइस के बाद कापी जंचले क पारिश्रमिक में ई बढ़ोत्तरी कइल गइल हौ। अगिला बरिस फरौरी चाहे मार्च में होखे वाला यूपी बोर्ड क परीक्षा में कुलि चउवन लाख अड़तीस हजार विद्यार्थी सामिल होइहें। बिसेस सचिव माध्यमिक आलोक कुमार की ओरि से जारी आदेस के हिसाबि से कक्ष निरीक्षक क ड्यूटी कइले पर अब सिक्षकन के रोजाना छानबे रूपिया के जगहि पर सौ रूपिया मिली।

**********